**दिन–गुरूवार** **दिनांक–13.11.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि– 05 मिनट

---

बिहार विधानसभा चुनावक लेल भोंटक गिनती काल्हि भोर आठ बजे सँ शुरू होयत। भोंटक गिनतीक लेल राज्यक सभ जिला मे छियालीस मतगणना केन्द्र बनाओल गेल अछि। इलेक्ट्रॉनिक भोटिंग मशीन कँ स्ट्रांग रूम मे कड़गर सुरक्षाक बीच राखल गेल अछि। आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे मुख्य चुनाव पदाधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल कहलनि जे मतदान मे प्रयोग कयल गेल ईवीएम आओर वीवीपैट कँ त्रिस्तरीय सुरक्षा प्रणालीक तहत स्ट्रांग रूमक अंदर सील कऽ देल गेल अछि। ओ कहलनि जे सभ मतगणना केन्द्र पर सुरक्षाक व्यापक इंतजाम कयल गेल अछि। श्री गुंजियाल बतौलनि जे सुरक्षा मे केन्द्रीय सशस्त्र पुलिस बल आओर राज्य पुलिस बल कँ तैनात कयल गेल अछि। एकर अतिरिक्त सीसीटीवी निगरानी आओर आनो सुरक्षा प्रावधान सेहो कयल गेल अछि। श्री गुंजियाल बतौलनि जे विधानसभा क्षेत्र मे चुनावक लेल तैनात पर्यवेक्षक सेहो मतगणना प्रक्रियाक निगरानीक लेल मतगणना केन्द्र पर उपस्थित रहताह।

---

मतगणनाक आधिकारिक परिणाम चुनाव आयोगक वेबसाईट आओर बिहारक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारीक वेबसाईट पर देखल जा सकैत अछि। परिणाम चुनाव आयोगक वेबसाईट **रिजल्ट्स डॉट ईसीआई डॉट जीओवी डॉट इन** पर आओर बिहारक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारीक वेबसाईट **सीईओ इलेक्शन डॉट बिहार डॉट जीओवी डॉट इन** पर उपलब्ध रहत। परिणाम कँ चुनाव आयोगक भोटर हेल्पलाईन एप के माध्यमे सेहो लाईव देखल जा सकत।

---

निर्वाचन आयोग पूरा मतगणना प्रक्रिया पर नजरि रखबाक लेल पटना स्थित मुख्य निर्वाचन पदाधिकारीक कार्यालय मे एक टा अत्याधुनिक कंट्रोल एंड कमांड सेंटर बनौलक अछि। नियंत्रण कक्षक टेलीफोन नम्बर अछि – **शून्य छओ एक दू–दू आठ दू चारि शून्य शून्य एक।** फैक्स नम्बर अछि **– शून्य छओ एक दू–दू एक पांच छओ एक–एक।** लोक चुनाव सँ संबंधित कोनो प्रकारक शिकायत वा सूचना एहि नम्बर पर दऽ सकैत छथि। एकर अतिरिक्त,

ई–मेल आईडी **– सीईओ बिहार एट द रेट जीमेल डॉट कॉम** आओर **सीईओ अंडर स्कोर बिहार एट द रेट ईसीआई डॉट जीओवी डॉट आईएन** पर सेहो सूचना देल जा सकैत अछि। ई नियंत्रण कक्ष मतदान शुरू होय सँ लऽकऽ मतदान समाप्त होय धरि कार्यरत रहत।

———————————————————————————

पुलिस मुख्यालय मतगणनाक बाद राजनीतिक तनावक आशंका कँ देखैत सभ जिला मे सुरक्षा–व्यवस्था बढ़ा देलक अछि। असामाजिक तत्व आओर सोशल मीडिया पर कड़गर नजरि राखल जा रहल अछि। पुलिस मुख्यालय **विजय प्रमाण पत्र** भेटलाक बाद प्रत्याशी सभ के जुलूस निकाल पर रोकि लगा देलक अछि।

———————————————————————————

नई दिल्लीक भारत मंडप मे काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अंतरराष्ट्रीय व्यापार मेला मे बिहार साझेदार राज्यक रूप मे शामिल भऽ रहल अछि। **भारत व्यापार संवर्धन संगठनक** अनुसार महाराष्ट्र, राजस्थान आओर उत्तर प्रदेश सेहो साझेदार राज्यक रूप मे शामिल भऽ रहल अछि। एहि मेलाक विषय अछि– **एक भारत, श्रेष्ठ भारत।** चौदह दिन धरि चलय बला मेला मे चीन, ईरान, दक्षिण कोरिया आओर संयुक्त अरब अमीरात सहित बारह देशक प्रतिनिधि सेहो शामिल भऽ रहल छथि।

———————————————————————————

बक्सरक प्रसिद्ध **पंचकोसी परिक्रमा मेला** आई संपन्न भऽ गेल। बक्सर के चरित्रवनक संबंध ऋषि विश्वामित्र सँ मानल जायत अछि। एहि लेल बक्सर कँ भगवान श्रीरामक शिक्षा स्थलीक रूप मे सेहो जानल जायत अछि। लाखोक संख्या मे लोक समापन कार्यक्रम मे भाग लेलन्हि।

———————————————————————————

प्रदेश मे भोर आ सांझक समय ठंढा बढ़ि गेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार कतेको स्थान पर न्यूनतम तापमान पंद्रह डिग्री सेल्सियस सँ नींचा दर्ज कराओल गेल। जखनकि औसत अधिकतम तापमान तीस डिग्री सेल्सियस के लगऽ पास बनल रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला दू सँ तीन दिनक बीच अधिकतम आओर न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तनक संभावना नहिं अछि।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक खजौली थाना क्षेत्रक महुआ गाम मे दू टा गुटक बीच भेल हिंसक झड़प मे एक व्यक्ति कैँ गोली लगला सँ मौत भऽ गेल। एहि मामिला मे पुलिस एक टा आरोपी कैँ गिरफ्तार कयलक अछि जखनकि आन दू टा आरोपीक गिरफ्तारी लेल छापेमारी कयल जा रहल अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।